



## **RISALAH RAPAT PARIPURNA**

**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH  
KABUPATEN SUKOHARJO**

**TAHUN SIDANG : 2023**  
**HARI : SABTU**  
**TANGGAL : 15 JULI 2023**  
**NO. 170 / 20 / VII / 2023**

**ACARA :**

**RAPAT PARIPURNA DALAM RANGKA PERINGATAN HARI  
LAHIR KE 77 KABUPATEN SUKOHARJO**



## DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN SUKOHARJO

Jalan Wandyo Pranoto Mandan Sukoharjo Telp/Fax. (0271) 593059  
SUKOHARJO

---

### RISALAH RAPAT DPRD

No. 170 / 20 / 2023

Hari : Sabtu  
Tanggal : 15 Juli 2023  
Tempat : Ruang Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo  
Jenis Rapat : Rapat Paripurna DPRD  
Sifat Rapat : Terbuka untuk umum  
Acara Rapat : Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo dalam rangka Peringatan Hari Lahir ke 77 Kabupaten Sukoharjo

1. Pembukaan Rapat oleh Pimpinan Rapat (Bp. Wawan Pribadi, S.Sos., M.Si), selaku Ketua DPRD dibuka dengan bacaan Basmallah, Pimpinan Rapat kemudian menghitung anggota DPRD yang hadir sebanyak 37 orang, terdiri dari :
  - a. Fraksi Partai Demokrasi Indonesia Perjuangan (F. PDI P), Jumlah anggota 21 orang, yang hadir 18 orang, yaitu :
    1. Wawan Pribadi, S.Sos., M.Si
    2. H. Nurjayanto, SP.
    3. Hj. Umi Sunarsih
    4. H.Dalimin, S.Pd.
    5. Slagen Abu Gorda, SE, MM.
    6. Endang Sri Sugiyanti, SH
    7. Sri Mulyani
    8. Wahyu Mulyani, A.Md.
    9. H. Danur Sri Wardhana, ST.
    10. Bambang Santoso, SE., MM.
    11. Parwanto Mulyo S. S.Psi, MM.
    12. Maria Kristutiningsih, S.Pd
    13. H.Sukardi Budi Martono, SH.
    14. Dahono Marlianto, SE., MM.
    15. H.Idris Sarjono, SH.
    16. Hj. Artiyana Ririn Yuanawati
    17. Nindyo Pramono
    18. H. Sugeng Purwoko, SH.

- b. Fraksi Partai Gerakan Indonesia Raya (F P Gerindra), jumlah anggota 5 orang, yang hadir 2 orang, yaitu :
    1. Eko Sapto Purnomo, SE
    2. Hardi Widodo, SH.
  - c. Fraksi Partai Golongan Karya (F P Golkar), jumlah anggota 5 orang, yang hadir 4 orang, yaitu :
    1. H. Sardjono SM, SE.
    2. Santoso Budiharjo
    3. Jaka Wuryanta, SH.
    4. Tri Jaswanto, SE.
  - d. Fraksi Partai Keadilan Sejahtera (F. PKS), jumlah anggota 5 orang, yang hadir 5 orang, yaitu:
    1. Hj. Siti Zakiyatun Ni'mah, SE.
    2. Martono, S.Pd., M.Si., MH.
    3. H. Moch. Samrodin, SE., MM.
    4. Sri Sutasno
    5. Hj. Sumiyati, SE
  - e. Fraksi Partai Amanat Nasional (F PAN), jumlah anggota 5 orang, yang hadir 4 orang, yaitu:
    1. Narno Raharjo, SE., M.Si.
    2. H. Heri Purwanto
    3. H. Sunoto, SH.
    4. Winarno, SHI.
  - f. Fraksi Kebangkitan Nasional (F KN) jumlah anggota 4 orang, hadir 4 orang yaitu :
    1. H. Suhardi, SE, M.Si.
    2. Wiji Astuti
    3. Supardiyanto, SH.
    4. Okiviana, S.Sos., MA
2. Jalannya Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo dalam rangka Peringatan Hari Lahir ke 77 Kabupaten Sukoharjo, sebagai berikut :

**Assalamualaikum Wr. Wb.**

Para Pimpinan saha Anggota DPRD Kab.Sukoharjo, Para Tamu Kakung Putri ingkang winengku ing pakurmatan,

Nyuwun palilah, kanthi waosan **Bismillahirrohmannirrohim** Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo adicara Pengetan Dinten Lairipun Kaping Pitung Ndosor Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo Warsa Kalih Ewu Tiga Likur (2023) kepareng kabuko lan tinarbuko kagem umum **.\*\*\***.

**Mugi Sih Tentrem lan Rahayu Tansah Tumandhuk Dhateng Panjenengan Sadoyo lan Kulo.**

Sederek Bupati Sukoharjo ingkang Satuhu Kinabekten;

Sederek Komandan Kodim Nol Pitu Kalih Nenem (0726) Sukoharjo sekalian Garwo , Sederek Kapolres Sukoharjo sekalian Garwo , Sederek Kepala Kejaksaan Negeri Sukoharjo sekalian Garwo, sederek Ketua Pengadilan Negeri Sukoharjo sekalian Garwo , ingkang winantu ing pakurmatan;

Sederek Komandan Grup Kalih Kopasus, Komandan Brigif Mekanis Raider Nenem Kostrad, Komandan Yonif Mekanis Raider Sekawan-Tigo Welas Kostrad, Komandan Lanud Adi Soemarmo, Komandan Kompi Pelopor C Satuan Brimob Polda Jateng sekalian Garwo, ingkang pantes nampi pakurmatan;

Sederek Wakil Bupati Sukoharjo sekalian Garwo ingkang kinurmatan;

Sederek Ketua KPUD Kabupaten Sukoharjo , sederek Ketua Bawaslu Kabupaten Sukoharjo ingkang kinurmatan;

Sederek Kepala Kementerian Agama Kabupaten Sukoharjo ingkang kinurmatan;

Sederek Sekretaris Daerah, Asisten Sekretaris Daerah, Staf Ahli Bupati, Sumrambah Jajaran Eksekutif, Pimpinan BUMD, Camat, Lurah, Kepala Desa sekalian Garwo ingkang winantu ing suko basuki;

**Pimpinan, sarto Anggota DPRD sekalian Garwo, Tokoh Masyarakat, Tamu Undangan sarto Juru Waro ingkang Bagyo Mulyo.**

Sumonggo kulo derekaken tansah hangaturaken puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah ingkang Moho Agung, ingkang sampun kepareng paring rahmat lan hidayahipun dateng panjenengan sedoyo lan kulo, satemah taksih dipun keparengaken kempal manunggal wonten ing Gedung DPRD Kabupaten Sukoharjo, wonten ing adicoro Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo, mengeti kinaryo dinten Laeripun Kaping Pitung Ndosos Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo, kanthi manggih wilujeng nir ing sambikolo.

Kanthi meniko dumateng Poro Tamu, soho Poro Rawuh Sedoyo, kulo minongko Pangarsaning DPRD ngaturaken wilujeng rawuh, soho matur nuwun awit kepareng rawuh panjenengan sedoyo ingkang sampun netepi Undangan Pengetan Dinten Laeripun Kaping Pitung Ndosos Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo Warsa Koleh Ewu Tigo Likur.

**Rapat Paripurna DPRD ingkang Kinurmatan;**

Murwakani Rapat Paripurna wekdal meniko, sumonggo sakwetawis kito ngengeti babagan sejarah dumadosipun Kabupaten Sukoharjo. Mulo bukanipun Sukoharjo amung dumados saking satunggaling wilayah pinggir, sinartan Pimpinan Pamarintah paling inggil inggih meniko Wedono, saklajengipun Kawedanan Sukoharjo, Kawedanan Bekonang, lan Kawedanan Kartasura. Meniko dados satunggal mlebet Wilayah Kabupaten Kutho Surokarto, sahandhap Pamarintahan Kasunanan.

Kawontenan meniko handadosaken panggalihan Para Pangarso kangge mujudaken Kabupaten enggal sakjawinipun Kutho Surokarto , amrih tetigo Kawedanan, Sukoharjo, Bekonang, lan Kartasura saget kabimbing wonten sapangayomaning Pamarintah Kabupaten . Kelajenganipun Komite Nasional Indonesia Wilayah Surokarto Paring Dhawuh KRMT Soewarno Honggopati Tjitrohoepoyo Parikedhah dados Bupati . Kanthi Adhedasar ing nginggil meniko Rikolo Dinten Senin Pon Suryo Kaping Gangsal Welas Wulan Juli Warso Sewu Sangangatus Kawandoso Nenem Katetepaken Panetapan Pamarintah Nomer Nembelas Garis Miring Sd (16/SD) kasebat dados Dinten Laer Kabupaten Sukoharjo.

Panetapan meniko saklajengipun dipun kukuhaken kanthi Peraturan Daerah Kabupaten Dati Kalih Sukoharjo. Nomer Pitulas (17) Warso Sewu Sangangatus Wolongndoso Nenem (1986) Babagan Dinten Laeripun Kabupaten Sukoharjo.

**Pimpinan lan Anggota DPRD lan Poro Tamu, Poro Rawuh ingkang Bagyo Mulyo.**

Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo ing Dinten Meniko, Sabtu Pahing, Suryo Kaping Gangsal Welas (15) Wulan Juli Warso Kalih Ewu Tigo Likur, Kanthi Adicoro Pengetan Dinten Laeripun Kaping Pitung Ndosos Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo,

**Pimpinan lan Anggota DPRD lan Poro Tamu, Poro Rawuh ingkang Bagyo Mulyo.**

Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo ing Dinten Meniko, Sabtu Pahing, Suryo Kaping Gangsal Welas (15) Wulan Juli Warso Kalih Ewu Tigo Likur, kanthi adicoro Pengetan Dinten Laeripun Kaping Pitung Ndosos Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo,

**Rapat Paripurna DPRD ingkang Kinurmatan,**

Pinongko Reroncening adicoro Saklajengipun, inggih meniko, Srah Tinampen Serat Kekancangan, Pikukuhing Pamarintah Kabupaten Sukoharjo, Awujut PP Nomer Nem Mbelas Garis Miring SD, Garis Miring Sewu Sangangatus Sekawan Ndosos Nenem (16/Sd/1946), Saking Bupati Sukoharjo, dateng Pimpinan DPRD Kabupaten Sukoharjo.

Para Tamu, Para Rawuh Kakung Putri, saklajengipun murih rancaking adicara Srah Tinampen Serat Kekancangan Pikukuhing Pamarintah Kabupaten Sukoharjo, kula nyuwun pambiyantunipun kadang Pambiwara mratitisen Lampahing Upacara.

Kasumanggaaken.

## **Srah Tinampi Serat Kekancingan Pikukuhing Pamarintah Nomor 16/SD/1946**

### **Pimpinan :**

Maturnuwun dumateng kadang Pambiworo, ingkang sampun mratitaken lampahing Adicoro-Srah Tinampen, Serat Kekancingan, Pikukuhing Pamarintah Kabupaten Sukoharjo, Awujut PP Nomer Nem Mbelas, Garis Miring SD Garis Miring Sewu Sangangatus Sekawan Ndosso Nenem (16/SD/1946), kanthi gangsar datan wonten rubedo.

### **Rapat Paripurna DPRD ingkang Kinurmatan,**

Saklebeting mengeti Dinten Laeripun ingkang Kaping Pitung Ndosso Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo, kulo tansah nyuwun dateng Jajaran Eksekutif lan Legislatif, mugu tansah hamulat, soho nglenggonono, murih saenipun sedoyo kekirangan lan tansah hanggadahi rancangan lan wawasan, sak pengajengipun, supados trep kaliyan pakaryan kuwajibanipun piyambak-piyambak, jumbuh kaliyan saklebetipun, kito labuh labet, dumateng Masyarakat lan Pamarintah Kabupaten Sukoharjo, ingkang tansah kito tresnani lan wajib kito rungkepi, amrih sedoyo gegayuhan lan pangajeng-ajeng kito, ningkataken kesejahteraanipun Masyarakat Kabupaten Sukoharjo satemah saged kawujudaken.

Saklajengipun sumonggo sami-sami dipun midangetaken sesarengan, Pangandikanipun Bupati Sukoharjo, kang mujutaken punjering adicoro, Rapat Paripurna DPRD ing dinten meniko. Dumateng sederek Bupati Sukoharjo kasumanggaaken.

### **Pidato Bupati Sukoharjo**

### **Pimpinan :**

Maturnuwun kulo aturaken dumateng sederek Bupati Sukoharjo ingkang sampun ngaturaken pangandikanipun.

### **Rapat Paripurna DPRD ingkang Kinurmatan,**

Panjenengan sedoyo sampun midangetaken sesarengan Pangandikanipun Bupati Sukoharjo, ing Adicoro Mengeti Dinten Laeripun ingkang Kaping Pitung Ndosso Pitu (77) Kabupaten Sukoharjo Warsa Kaleh Ewu Tigo Likur.

Sumonggo sami saget mendhet hikmahipun saking Pengetan Dinten Laeripun Kabupaten Sukoharjo, ing wanci wekdal meniko, minongko greget, kinaryo wewangunipun kabupaten sukoharjo, wekdal meniko punopo dene wekdal saklajengipun.

### **Rapat Paripurna DPRD ingkang Kinurmatan**

Saklajengipun kagem kawilujengan Panjenengan lan Wargo Masyarakat Kabupaten Sukoharjo, ing kalenggahan meniko kulo nyuwun Pambiyatunipun Kepala Kantor Kementerian Agama Kabupaten Sukoharjo, supados mangarsani Dongo, wekdal kasumanggaaken.

## Waosan Dongo

Pimpinan :

Matur nuwun dumateng Bopo Drs. H. Muhammad Mu'alim, M.Pd.I., Kepala Kantor Kementerian Agama Kabupaten Sukoharjo ingkang sampun mangarsani dongo.

### Rapat Paripurna lan Poro Tamu, Poro Rawuh ingkang Bagyo Mulyo.

Dumateng Sedoyo Poro Tamu, Poro Rawuh, sepisan malih kulo ngaturaken, sewu agunging panuwun, ingkang tanpo pepindhan awit karawuhan, soho sih kawigatosanipun, nderek hanjenengi Rapat Paripurna ngantos karampunganipun.

Sedoyo kalepatan, menopo dene kekirangan, anggenipun nampi rawuh panjenengan sedoyo, kulo nyuwun sih agunging pangapunten. Makaten mugi diagunging pangaksama sedoyo lepat anggen kulo matur soho mimpin Rapat Paripurna ing kalenggahan puniko. **Dirgahayu Kabupaten Sukoharjo.**

Tumunten Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo, wanci dinten meniko, Sabtu Pahing Suryo Kaping Gangsal Welas Wulan Juli Warso Kalih Ewu Tigo Likur, Katutup.\*\*\*.

**Wabillahi Taufik Wal Hidayah**

**Wassalamualaikum Wr. Wb.**

### 3. Penutup.

Rapat telah selesai dan selanjutnya dinyatakan ditutup, oleh Ketua DPRD Kabupaten Sukoharjo (Bp. Wawan Pribadi, S.Sos., M.Si) pada jam 12.00 WIB.

Sekretaris Rapat

Nama : Basuki Budi Santoso, SH, MH.

Jabatan : Sekretaris DPRD Kabupaten Sukoharjo

Sukoharjo, 15 Juli 2023

## DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN SUKOHARJO

KETUA



WAWAN PRIBADI, S.Sos., M.Si

SEKRETARIS DPRD  
KABUPATEN SUKOHARJO

3



BASUKI BUDI SANTOSO, SH, MH.

Pembina Tingkat I

NIP. 19670920 199603 1 005

## Waosan Dongo

Pimpinan :

Matur nuwun dumateng Bopo Drs. H. Muhammad Mu'alim, M.Pd.I., Kepala Kantor Kementerian Agama Kabupaten Sukoharjo ingkang sampun mangarsani dongo.

### Rapat Paripurna lan Poro Tamu, Poro Rawuh ingkang Bagyo Mulyo.

Dumateng Sedoyo Poro Tamu, Poro Rawuh, sepisan malih kulo ngaturaken, sewu agunging panuwun, ingkang tanpo pepindhan awit karawuhan, soho sih kawigatosanipun, nderek hanjenengi Rapat Paripurna ngantos karampunganipun.

Sedoyo kalepatan, menopo dene kekirangan, anggenipun nampi rawuh panjenengan sedoyo, kulo nyuwun sih agunging pangapunten. Makaten mugl diagunging pangaksama sedoyo lepat anggen kulo matur soho mimpin Rapat Paripurna ing kalenggahan puniko. **Dirgahayu Kabupaten Sukoharjo.**

Tumunten Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Sukoharjo, wanci dinten meniko, Sabtu Pahing Suryo Kaping Gangsal Welas Wulan Juli Warso Kalih Ewu Tigo Likur, Katutup.\*\*\*.

**Wabillahi Taufik Wal Hidayah**

**Wassalamualaikum Wr. Wb.**

### 3. Penutup.

Rapat telah selesai dan selanjutnya dinyatakan ditutup, oleh Ketua DPRD Kabupaten Sukoharjo (Bp. Wawan Pribadi, S.Sos., M.Si) pada jam 12.00 WIB.

Sekretaris Rapat


Nama : Basuki Budi Santoso, SH, MH.

Jabatan : Sekretaris DPRD Kabupaten Sukoharjo

Sukoharjo, 15 Juli 2023

## DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN SUKOHARJO

KETUA



**WAWAN PRIBADI, S.Sos., M.Si**

SEKRETARIS DPRD  
KABUPATEN SUKOHARJO



**BASUKI BUDI SANTOSO, SH, MH.**

Pembina Tingkat I

NIP. 19670920 199603 1 005